Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 27 октябрь
РУЗМАН
№ 45 (7480)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Главе МО «Цумадинский район»
А. М. Вечедову

**Уважаемый Анваргаджи Магомедович!**

Вы знаете, что Президент Российской Федерации принял мою отставку и поблагодарил за эффективную работу.

За 4 года 8 месяцев удалось обеспечить безопасность и правопорядок в республике, наметить позитивную динамику развития всех отраслей и территорий. Как непросто этого добиться, Вы хорошо знаете.

По основным социально-экономическим показателям наша республика вошла в первую десятку среди регионов России.

Главное то, что более четырех лет в Дагестане не было террористических актов, уровень общей преступности в республике в три раза ниже, чем в среднем в Российской Федерации. Коренным образом повышено качество образования, медицинского обслуживания, изменены в корне культурная среда обитания и работы дагестанцев, уровень защиты их прав и свобод.

Уважаемый Анваргаджи Магомедович, вместе с Вами мы проделали большую работу по экономическому развитию, возрождению агропромышленного комплекса, поддержанию социально-политической стабильности Цумадинского района и республики в целом.

Спасибо за совместную работу на Дагестан, на нашу общую Родину!

**С благодарностью Рамазан Абдулатипов**

## Операции «Ремень безопасности»



ОГИБДД ОМВД России по району доводит до Вашего сведения, о том, что в целях обеспечения безопасности дорожного движения на территории района, аварийности, смертности и травмирования граждан в результате ДТП, повышение культуры поведения различных категорий участников дорожного движения, по обеспечению безопасности дорожного движении проводится вышеуказанная операция.

В целях ужесточения контроля за соблюдением Правил дорожного движения водителями и пассажирами транспортных средств, обратив особое внимание на использование ремней безопасности и детских удерживающих кресел при перевозке детей и подростков на территории обслуживания с 25 октября по 15 ноября 2017 года проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Ремень безопасности».

**Эльдар Магомедов,**
начальник ОМВД России по району

Экология

# ТIабигIат цIуни - нилъер борч

**ТIабигIаталъ къисас босани, инсанасе зарал-зиян цIикIкIун кколин, гьединлъидал гьеб цIуниялдаса, сверухълъи бацIцIад чIезабиялдаса байбихьизе кколин щивас жиндирго напсалъулгун жигьад абураб пикру букIана конференциялъул гIахьалчагIазул.**




Ахираб заманалда нилъеда сверухъ, тIабигIаталъуль ккоел хиса-басиял рихьуларев ва гьезул бицунарев чи цо кIухIал гурони ватиларо.



АнцIго соналъ цебеги анищазулъ букIараб нух, хьил, щибаб школалда компьютеразул класс, Интернет, кIитIалаял минаби, жанибго хIамам-хIажатхана, абухъего, модаялъул «гьищтIи» кьайи-кьоно, лъарагIлъиялдагун хинал улкабазда гурони бижулареб пихьил гъутIбигун бахчадулал нигIматал чIараб ах-пастIан. Халкъалъул яшав лъикIлъиялъул гIаламатлъун ккола гьеб, гьелдасан нилъер рохелги цIикIкIараб буго. Амма, медалалъул кIиго рахъ букIунелъул, цивилизациялъ лъикIлъабазда цадахъго бачIунеб буго цIикIкIараб зарал, хасго инсанасул сахлъиялъе. Гьеб бахун буго ахIи базе ккараб, гIорхъолъа борчIараб хIалалде. Руго гьелда сверухъ рахъулел цIицIиял программабиги, гьарулел хIалтIабиги, тIоритIулел батIибатIиял семинаралгун конференциябиги. Амма гьоко гьенибго буго, цивилизациялъ цIадирабаз кьуризе биччачIого: кьойидасан кьойиде цебетIолеб яшавги, гьелдаго цадахъ хьублъулеб тIабигIатги, цIикIкIунеб кьадар унтаразулги, тIагIун унел хIайваназулгун гьветIхералъул тайпабиги.

ГIиллаго гьечIого гуро Дагъисталъул бетIерлъун вукIарав Рамазан ГIабдулатIиповас исанасеб сон Экологиялъул лъагIеллъун ва Каспиялъул лъагIеллъун лъазабун бугеб. ЦохIо Каспий ралъад гуребги, гьелъулъе чвахулел гIисиналги чIахIиялги иццалгун чвахелаби, лъаралгун гIорал рацIцIад цIуни мурад гьеб Экологиялъул соналъул программаялъул. Щивас жиндасан байбихьулебани тIабигIат цIунизеги лъим бацIцIад чIезабизеги, ккелароанин жакъа ахIи базеян абун букIана гьеб рагьулаго Рамазан ХIажимурадовичас.



БитIараб буго. БацIцIад букIуна бацIцIунеб бакIазда гуреб, хьублъи гьабулареб. Гьелъул бицуна щибаб дандельиялда, щибаб вагIза-насихIаталда, бичIчIизабула рацIцIалъи сахлъиялъул аслуги иманалъул бащалъиги ккола абураб хIадис бугин абун, амма пайда щибха, райцентралдаги районалдаги хIал цо-цо бакIазде дандеккун, лъикI батаниги, расги бещиледухъ гьечIо, ва лъагIалида жаниб тIобитIараб цо-кIиго гваялъ, абухъего, «гьава-бакъги гьабуларо» тIабигIаталъе. Нилъерго хьублъи, гьелъул хIасил нилъецаго чIамулеб буго: химикатаз цIурал кванил нигIматал ва гьекъолеб лъим.



Школазда малъараб цо-кIиго дарсалъги, зама-заманалъ дандельабазда гьабураб хабаралъги, санитариял комиссиябаз гьарурал рейдазги хIасил кьолеб гьечIебльи бихьулеб буго. Амма, кинго данде ккоlаро кинабго гIайиб-гьвел инсанасде банги, цо-цо нухалъ жибго гIумру гьоркьобе лъугьунеб буго гьелде. Масала, добго нухлул суал бачIиндал: цIияб бахьулельулги, бахьаралда хьил тIолелъулги.

# ТӀабигӀат цӀуни - нилъер борч

1



ГӀумрудул бидурихьалин гӀадада гурелъул нухазда абулеб. Гьеб мехалъ рес гьечӀо, кигӀанго бокьичӀониги, кьуру кьвагьичӀогоги, чӀалу-гьветӀ кьотӀичӀогоги, тӀабигӀаталъегун инсанасе зарал-зиян цӀикӀкӀаниги. Гьеб зарал-зияналъул, тӀабигӀаталъ босулеб кьисасалъул бихьабичӀизаби букӀана церекьад Агъвали маданияталъул кӀалгӀаялда ТӀадгъаквари школа-ахалъул директор, тӀабигӀаталде рокьи бидулъ бессарав, гьеб цӀуниялъе, лъел сурсатазул лабораториял (бальнеологиял) цӀех-рехал гьариялъе гӀумру кьурав, жиндир хӀакъалъулъ тӀехь хъвазе цебего мех щварав МухӀамад ИсмагӀиловасул предложениялда рекъон, тӀабигӀиял сурсатазулгун экологиялъул республикаялъул министерствоялъул мугӀрузулаб территориалияб Управлениялъ, районалъул администрациялъ ва лъайкьеялъул управлениялъ тӀобитӀараб «МугӀрузул Дагъистаналъул экология: гӀузраби ва гьел тӀагӀинариялъе нухал» абураб, нилъер, ЦӀунтӀа, Болъихъ, ГӀахьвахъ ва Гумбет районаздаса вакилзабиги гӀахьаллъараб гӀелмиябгун практикияб конференциялъул аслияб мурад. Гьелъго жанире рачана гӀун бачӀунеб гӀелалда тӀабигӀат цӀуниялъул бугеб кӀвар бичӀчӀизаби, гьезда экологияб культура малъи гӀадал масъалабиги.

Конференциялъул кӀвар букӀи-



налъул бицуна гьенир биологиялъул гӀелмабазул доктор, профессор, Россиялъул экологиялъул академиялъул академик, РФялъул гӀелмабазул мустахӀикъав хӀаракатчи, Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул экологиялъулгун цебетӀеялъул Институталъул директор ГӀаирбег ГӀабдурахманов, биологиялъул гӀелмабазул кандидат, нилъер ракьцояв МухӀамад ГӀабдурахӀманов, географиялъул гӀелмабазул кандидат, профессор, Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталъул проректор Загьир Атаев, биологиялъул гӀелмабазул кандидат, РАНалъул ДНЦялъул Каспиялъул биоресурсазул институталъул лабораториялъул гӀелмияв хӀалтӀухъан Юрий Яковенкол, медицинаялъул гӀелмабазул доктор, ДГМУялъул кафедраялъул заведующий МухӀамад МухӀамадов, биологиялъул гӀелмабазул кандидат, РАНалъул ДНЦялъул МугӀрузул ботаникаялъул ахалъул лабораториялъул нухмалъулев, нилъер ракьцояв Рамазан МуртазагӀалиев, биологиялъул гӀелмабазул кандидат Идрис Идрисов, ДГУялъул биологиялъул факультеталъул декан Рустам Халилов, тӀабигӀиял сурсатазулгун экологиялъул республикаялъул министерствоялъул мугӀрузулаб территориалияб Управлениялъул специалист Лабазан МухӀамадов, Лъайкьеялъулгун гӀелмуялъул министерствоялъул вакил Барият ХӀажиева, Роспотребнадзоралъул Управлениялъул специалист, нилъер ракьцояй РайхӀанат МухӀамадова, потребите-



лазул ихтиярал цӀунулеб федералияб хъулухъалъул РФялъул ДРялъул Болъихъ бугеб Управлениялъул специалист МухӀамад Таймасханов ва цогидалги гӀахьаллъи ва экологиялдагун инсанасул сахлъи цӀуниялда хурхарал докладалгун цере рахъин.



Конференциялда гьединго гӀахьаллъана экологияб тематикаялъул рахъалъ гӀелмиябгун цӀех-рехалъул конкурсазда жиде-жидер районазда бергьарал мадугьалихъ ругел районаздаса вакилзаби-мугӀалимал, цӀалдохъаби, районалъул росабазул администрациязул нухмалъулел, лъайкьеялъул идарабазул хӀалтӀухъабигун цӀалдохъаби.

ЦӀумадисезул тӀабигӀаталъул берцинлъи-бечелъиялъул бицараб, гьеб цӀуниялде, гӀун бачӀунеб гӀелалъе ясли-ахаздасан байбихьун экологиялъулаб тарбия кьеялде, тӀабигӀияб сверухълъи бацӀцӀад цӀуниялде, гьелъул сурсатал цӀикӀкӀинариялде киналго ахӀараб кӀалъай гьабуна тадбир рагьарав ва конференциялъул гӀахьалчагӀазде салам кьун цеве вахъарав районалъул бетӀер АнвархӀажи Вечедовас.

«Дагъистаналъулги Россиялъулги БагӀарал тӀахьазде росарал чанги хӀутӀ-хъумургун гьветӀ-хер бижулеб, даруял лъиназул батӀибатӀиял иццал ругеб, гьалагал лъаразул, гучал кьурабазул, керчал рохьазул, туристазе хӀухьбахъиялъе гьава-бакъги рекъараб, чанги гьоболас Алжаналда жиб бащад гьабураб бакӀ буго ЦӀумада район. Амма гьанирги кьойидаса кьойиде цӀикӀкӀунел руго экологиял гӀузраби. Гьезул аслиябльун ккола лъел мухъ-рахъал, иццал-хӀорал, лъарал-гӀорал хьублъи. ТӀабигӀаталъ гурел, инсанасул «кумек-квербакъиялдалъун» ва нилъер аслияб масъалаги жакъа ккола иццазулги ракӀазулги рацӀцӀалъи, гӀун бачӀунеб гӀелалъе суратаздагун Интернеталда гуреб, чӀагояб тӀабигӀат цӀуни»,-ян абуна АнвархӀажи Вечедовас.

Хадур жиде-жидер докладалгун кӀалъазе рахъарал гӀалимзабаз тӀадчӀей гьабуна инсанасул чорхол сахлъи битӀахъего экологиялда бараб букӀиналда, ахирал соназ жидер «тӀадецуй» цӀикӀкӀунел ракалъул, ургьисалазул ва цогидалги жанисел унтаби цӀикӀкӀиналъе гӀиллаги тӀабигӀиял гьавадул хиса-басиял, химикатазул кванил нигӀматал гуребги, хъублъараб ва хъуб гьабулеб тӀабигӀатги букӀиналда, залалда гӀодорчӀарал ахӀана экологияб тарбия кьеялде кӀвар буссинабизе ва тӀабигӀаталъул рацӀцӀалъи цӀуни щивас жиндасан байбихьизе.



Гъайирбег ГӀабдурахӀмановас тӀадчӀей гьабуна ахирал соназ гьурурал гӀелмиял цӀех-рехаз, хасго лъел суалаялъ рахъалъ, гьеб ритӀухълъулеб букӀиналда. Бихьизабуна районалъул экологияб паспорт букӀине ккей, Республикаялда МугӀрузул закон бахъизе цебего заман щун букӀин.

«Рак унти чорхол гӀузрабазул цебесеб кьерда букӀиналъе аслияб гӀилла ккола хъубаб, чорхое зарал цӀикӀкӀарал химиялъул нитратаз цӀураб лъим халкъалъ гьекъолеб букӀин. Гьедин хадубккунги ккечӀого букӀине кӀвар кьезе ккола лъайкьеялъул идарабазда экологиялъул дарсазде, гьелъул тарбиякьеялда, цӀалдохъабазда жидер сахаб букӀинесеб гьелда бараб букӀин бичӀчӀинабиялде»,-ян абуна академикас.

Гьединалго кӀвар цӀикӀкӀарал, экологияб гӀузру-гӀунгутӀиялде гьваридго раккун, лъикӀаб анализ гьабурал рукӀана цогидал гӀалимзабазулги докладал. Абизе ккола гьелъул аслияб магӀна лъайкьеялъул идарабазда экологияб тарбия кьей модаялда нахърилълъун гьабулеб пиша гуреб, жакъасеб ва хадур рачӀунел гӀелазул гӀумруялъе чара гьечӀого кӀвар бугеб суал букӀин бичӀчӀизаби букӀанин. Залалда гӀодорчӀаразулги кӀалъазе рахъаразулги гьеб рахъалъ пикру цолъана, тӀабигӀат цӀуни нилъер борч букӀин, гӀадамалги чӀван, рохьазде ун, нохъазда рахчун гуреб, жинда сверухъ бугеб тӀабигӀат цӀуниялдаса, хъублъи гьабулев вихьарасдаги хӀакъаб рагӀи аби бугин жиндирго напсалъулгун бугеб жигьадилан.

ДокладчагӀаз лъикӀаб кьимат кьуна районалдасан студентазулгун цӀалдохъабазул гӀелмиялгун цӀех-рехалъулал хӀалтӀабазе, лъайкьеялъул районалъул управлениялъ гьеб рахъалъ тӀоритӀулел батӀибатӀиял конкурсазегун олимпиадабазе.



Гьелъие нугӀлъи букӀана гьел кьояз Агъвали гимназиялда тӀобитӀараб «МугӀалим-гӀелмучи» ва «ЦӀалдохъан-гӀелмучи» абураб экологиялъул районазда гьоркьосеб конкурсги. Гьениб гӀахьаллъи гьабуна щуябго районалдаса мугӀалимзабазгун цӀалдохъабаз. Гьелъул гӀахьалчагӀазе бергьаразегун призеразе дипломалгун сайгъатал кьуна конференциялъул ахиралда ДГПУялъул проректор Загьир Атаевас. Рази хутӀана гӀалимзаби конкурсалъул гӀахьалчагӀазул хӀалтӀабаздаса. Республикаялъул тӀабигӀиял сурсатазулгун экологиялъул министерствоялъул рахъалдаса хӀурматалъулал грамотаби кьуна Лабазан МухӀамадовасги экологияб рахъалде кьолеб кӀваралъухъ, гьеб цӀуниялда сверухъ гьабулеб хӀалтӀухъ лъайкьеялъул идарабазул цо-цо хӀалтӀухъабазе.

Конференциялда кьабул гьабуна ва цӀалана гьелъул хӀукму (резолюция). Ахиралда АнвархӀажи Вечедовас баркала загьир гьабуна тадбиралъул аслияв «гӀайибияв», сонайил гьеб тӀобитӀиялъе байбихьи лъурав МухӀамад ИсмагӀиловасе, конференциялда гӀахьаллъарал гӀалимзабазегун гьалбадерие ва кӀвар буссинабуна резолюциялъул хӀукмаби гӀумруялде рахъинаризе ккани, тӀоцебе тӀабигӀат цӀунизе нилъго ругьунлъизе ккеялде, ракӀ рагьараб, инсанасул гӀумруялда битӀахъегояб хурхен жиндир бугеб экологияб тадбиралъ дагьабниги пайда кьун букӀиналда цӀалдохъабазеги гӀахьаллъаразеги, гьелъ кверба-кьилин чияс жеги хӀетӀ чӀвачӀеб районалъул чанги тӀабигӀияб бечелъи цӀунизе…

Данделъи лъугӀана, цӀумадисезул гӀадатияб гьоболлъиги бихьизабун, цо-цо гьалбал нуха регӀана, цогидазе хадусеб кьоялъ тӀабигӀаталде экскурсия гӀуцӀана. Гьалда лъугӀизе тезеги бегьилаан, мукъсанабго официалияб хроника. Амма, амма, амма…жеги нухалъ тӀадюссунги хитӀаб гьабизе бокьун буго районцоязде: хириял ракьцоял, нилъер азбар-мина бацӀцӀине мадугьалихъа цӀунтӀалгун бальхьал, гӀахьвалалгун бакълъулал рачӀунаро.

ТӀабигӀаталъ рецӀел босула жиндие гьабураб заралалъухъ. Гьеб жакъаго бихьулебги буго нилъеда кьойидаса кьойиде цӀикӀкӀунел рахунел унтабаздаса. Гьезие гӀатӀидал нухал рагьулел руго нилъер тасамахӀлъиялъ. БичӀчӀула росабалъ рощнокьалал гьечӀеблъиги, гьеб баччине трактор-машинаги букӀунареблъи. Амма печь рокъоб баккулареб хъизан батиларо, батаниги, рагъдеазбаралде босун бухӀизе бегьуларищ цӀаялъ «бахъулареб хьалаги» букӀунарелъул. Рахъуги ах-хурибе бачина. Анлъабилеб классалда АхӀмаднаби НурмухӀамадовичас малъараб «ТӀабигӀат сундасаниги баккуларо, кибениги унаро, гьеб цоялдаса цояльде (физические свойства) уна (масала, гӀадатлъун лъугьараб памперс-рахъу-ах-хуралъе беэнлъи)) абурал рагӀаби. Агъвалисезеги кӀочӀализесеги рощнокьалал лъун руго щибаб авалалда. Амма, щаялиго, кьолонир гурел, гьелда сверухъ рукӀуна рощнол кьучӀби. Гьел хӀамуз-гӀачияз гуро ралел, гьел гьенире гӀунтӀуларо, нилъецаго бала. Рокъосан кьватӀибе аралдасан ургьел гьечӀо,-ян рукӀине бегьиларо нилъ, гӀурулги лъаралги рагӀаллъабиги хъублъизарун, нилъецагойин доб лъимги гьекъолеб бугеб. Россиялдаго бищун гӀемерал пайдаял микроэлементал ругебан цӀар тараб ГӀандигӀурул лъимги дагьабги гьаб хӀал халалъани, Гъайирбег ГӀабдурахӀмановас ва цогидазги абухъего, кизляралъулаз гьекъолелдасаги чорхое заралияб букӀина.



Дида бичӀчӀула кинабго канализация лъелъе унеб букӀинги, лъим гьекъезе ракӀ баларел лъугьунел руго гьел канализацизул марщаби, тӀоцебе диргоги, церечӀезаридал. ГьабсагӀат тӀокӀаб батӀияб рес гьечӀин гьедин гьабичӀогоян абулездаги разилъизе кколей йиго, амма буго гьенибги амма, ратизе ккела ресал. Ратизе ккела ресал нилъецаги, тӀалъиялъги. КӀуди-кӀудиял заводал рачӀониги, гьитӀинабго цех банги, рищни цӀидасан пайда босуледухъ (переработка) гьабизе, масала рахъуялдениги буссинабизе.

Гьелдего ишги ккеларин ккола, щивас, АнвархӀажи Вечедовас абухъе, жигьад жиндасанго, жиндирго хъизан-рукъалдасан байбихьун, гьабуни, ракълилаб халкъалде данде гуреб, напсалде, тӀабигӀат цӀуниялде, гьелъул сурсатал цӀикӀкӀинариялде. Гурони, тӀабигӀаталъ кьисас босиялда ва гьебги нилъедаго хьинтӀиялда хӀинкъи цӀикӀкӀараб буго.

**Хадижат Залимханова**

## Районалъул газеталъ 80 сон тӀубаялде

# Гъаз нухмалъи гьабуна районалъул газеталъе

**ГӀабдулазиз Расулов**



**Гьавуна ТӀинди росулъ.**
**1968 соналъул ноябралдасан 1981 соналъул маялде щвезегӀан нухмалъи гьабун буго гӀагараб газеталъе.**

**МухӀамад ЖахӀпаров**



**Гьавуна Хуштада росулъ.**
**1987-1989 соназ хӀалтӀана газеталъул редакторлъун.**

**Араб гӀасруялъул лъеберабилел – кӀикъоабилел соназда республикаялъул «МагӀарул большевик» газеталда рахъун рукӀарал цо-цо макъалаби. Гьелго макъалаби рахъун руго пачалихъияб архивалда цӀунун ругел ЦӀумада районалъул газеталдаги.**

**Мажгитал клубалъе кьуна**

ЦӀумада районалъул ТӀинди росо жакъа, балагьараб заманалда гӀемерго культурияб бакӀлъун цебе унеб буго. Гьелдаго цадахъ цӀиял, культураялъул гӀадамалги рижун рачӀунел руго.

Гьаб ахираб заманалде щвезегӀан равхӀанияб тайпаялъул ихтиярална гьоркь букӀараб кӀудияб «мажгит» жакъа росдал активалъулгун комсомол комитеталъул хӀаракаталдалъун ва гьез захӀмат халкъалда гьоркьоб диналда данде чӀараб хӀалтӀаби гьарун гьелъул заралияб ишал къватӀир чӀвазариялдалъун, киналго захӀматчагӀиги разилъун колхозалъул ихтиярална клуб гьабизейилан кьуна. Гьебго къагӀидаялда киналго кулабазде ругел мажгиталги тӀолго кулабазул захӀматчагӀиги разилъун культуриял ишазде руссинаризе хӀукму гьабуна.

**Жамалудинов А. №17. 3 март 1938 сон.**

* * *

ЦӀумада районалъул ТӀинди росулъ гӀуцӀун руго физкультураялъул, кьурдул ва кочӀолги кружокал.

Физкультураялъул кружокалда гӀахьаллъи гьабула 25 ясалъ, кьурдул ва кочӀол кружоказда гӀахьаллъи гьабула 30 ясалъ. ТӀинди росдал гӀолил ясазда гьоркьой йиго цо лъикӀай общественница. Гьелда цӀар ГӀайшат ГӀабдусаламова буго. ГӀайшат гьанже-гьанже комсомолалде йосана. Гьей политзанятиялде лъикӀ хьвадула. Ва цӀализеги цӀакъ цӀалула. Газеталдасанги гьелъ гӀадчӀун пайда босула. Гьединайго активистка-комсомолка МухӀамадова Маржанатги йиго. Гьей дагьай цеегӀан ликпунктална цӀалдохъанлъун йикӀарай гӀадан, гьанже культармейкалъун хӀалтӀулей йиго.

**Гьазиева, ХӀайдарбегов №42. 22 май 1938 сон.**

ЦӀумада районалъул ЦӀумада росулъ руго цо лъикӀ хӀалтӀулел гӀолил ясал - Чунтиева Загьра, МухӀамадова Айзанат ва МухӀамадова Калиматги. Гьез цогидал ясазеги кинабго ишалъуль мисал бихьизабула. Политикияб, кочӀол ва кьурдул кружоказда гьез камичӀого гӀахьаллъи гьабула. Масала, Чунтиева Загьра жиндир берцинаб хӀалтӀудалъун культармейцлъун тӀамуна. Гьединго цогидалги руго.

**ГӀалибулат №42.22 май 1938 сон.**

* * *

**Халкъалъул учительница**

ХӀинкъи бугел сухъмахъаздасан ва гьогъол цӀурал кӀкӀалахъан буго Хуштаде нух. НухтӀа руго кӀичӀ-кӀичӀарал ччукӀелал, кьураби, ГӀанди гьойсу. Хуштаде росуги, цогидал росаби гӀадин, совет власталъул соназда цӀилъана, гӀолохъанлъана, яшав цӀикӀкӀана. Бечедаб колхоз, школа, цӀияб социалистияб культура – гьале гьединаб буго гьеб росдал жакъа талихӀ.

1934 сон букӀана. Районалде ячӀана Аранова Рива Мироновна. ТӀоцебе гьелъие захӀмат букӀана Ленинил-Сталинил мацӀ магӀарулазул лъималазда малъизе, махщел ва бажари букӀинчӀо. Амма педагогияб махщалида кверщел гьабизе бугеб гьирагин гьей цӀакъ хӀалтӀана. Ва русский мацӀалъул дарс кьезе чанго моцӀидасан лъикӀ ругьунлъана. ЦӀали жегиги лъикӀ гӀуцӀизелъун гьелъ жиндаго авар мацӀ лъазабуна ва гьабсагӀаталда гьей школникалгин авармацӀалда гӀемер лъикӀ гаргадула. Аранова кинацаго ещцула жидерго ишазул хӀакъалъулъ гӀемерал чагӀи рачӀуна гьелъухъе, батӀи-батӀияб кумек тӀалаб гьабула. МагӀарулаца гьелъул хӀурмат гьабула. Араб соналда гьей жиндирго гӀагарал чагӀазухъе иней йикӀана, гьей тӀойитӀизе чанго километралъ росуго бахъана.

ТӀокӀай нахъ юссун гьей ячӀинарейилан киналго хӀинкъун рукӀана. МагӀарулаца гьелда гьедин абураб мехалъ авар мацӀалда гьелъ киналго рохизаруна:

-Узухъда ячӀина, дир хириял. Жегиги лъикӀ хӀалтӀизеги йиго. Гьелъул классалда лъикӀаб успеваемость буго. Гьелъ гьеб букӀинабуна щибаб дарсиде рагӀа-ракьанде щун хӀадурлъиялдалъун. Гьелъ пайда босула наглядныяб пособиялдасан, гьелъул гӀемерисеб гьелъ жинцаго гьабураб буго. Гьелъул классалъул цӀалдохъаби русский мацӀалда лъикӀ гаргадула, ватӀаналъул, Сталинил хӀакъалъулъ русский мацӀалда кучӀдул гӀемераз ахӀула.

Рива Мироновна школалдаса къаси къад камуларо. Гьелъ росдал общественноялъулаб гӀумруялъулъги активияб гӀахьаллъи гьабула, лъималазул умумузулгун бухьен ккола, рацӀцӀаракъалъи цӀунулеб ва жегиги ретӀел чурулеб куццин бихьизабула. Школалда гуребги рукӀарахъиналъулъгицин культура букӀинабизе гьей къеркьола.

Гьал. Ароновалъе чанцӀулго премия кьуна. ГьабсагӀаталда правительствоялъ гьей «За трудовую доблесть» медалалдалъун наградить гьаюна.

Нилъер кӀудияб ватӀаналъул цӀакъго лъикӀай ясалъе гьеб награда мустахӀикъаб буго гьелдалъун гьейгин цадахъ Хуштада росуго, тӀолго ЦӀумада районго бохун буго.

**Х.М. ХӀажиев №41.18 май 1938 сон.**

* * *

**90 сон барав МухӀамад рищиялде хӀадурлъулев вуго**

ЦӀумада районалъул Гьоркь Гьаквариса КӀудияв МухӀамадица 90 сон бана. Жиндир херлъиялде балагьичӀого гьев СССРалъул Верховный Советалъул рищиялъул хӀалтӀабазда гьоркьовги активияб къагӀидаялъ гӀахьаллъула.

ГьабсагӀаталда РСФСРалъул ва ДАССРалъул Верховный Советалде рищиязде хӀадурлъиялъулъ росулъ гӀуцӀун лъикӀ хӀалтӀулел кружокал руго. МухӀамад кружокалде вачӀун Положение лъазабулев вуго. Гьес араб заманаялъе нагӀанаги кьолаго, Сталинилаб Конституция ва рищиялъул цӀиял законалги баркулел руго.

**М.Х. №35, 28 апрель 1938 сон.**

* * *

**Инхокъвари**

ЦӀумада районалъул Инхокъвари росдал колхозалъул гьутаналда ругел гӀухьбуз гӀурус алфавиталъул къучӀалда хӀадураб цӀияб алфавит лъазабизе тӀаде босун буго.

Гьез къецалдеги ахӀун руго ЦӀумада районалъул хьутабазда ругел киналниги гӀухьби май моцӀалде цӀияб алфавиталдалъун тӀубан цӀализе хьвазе лъангутӀи тӀагӀинабизе.

**М. ГӀабдулмажидов №29. 10 апрель, 1938 с.**

* * *

**Цоги цӀияб значокги**

16 ва 17 сентябралда ЦӀумада Болъихъ ва ГӀахьвахъ районалъул 38 физкультурник-призывник вахана Аддаласул магӀарде. Гьезда цадахъ рукӀана МахӀачхъалаялъул физкультурникалги. МагӀарде рахиялъуль руководство кьуна альпинизмалъул инструктор гь. Захаровас.

МегӀералъул тӀогьиб альпинистаз бахъун чӀезабун буго гьалмагъ Сталинил сурат. МагӀарде рахарал призывникал Красная Армиялде ине руго жидер гьоркь ругел оборонныял значоказде тӀаде цӀияб значоги – СССРалъул тӀоцебесеб даражаялъул альпинистасул значокги каранда букъун.

**№85. 24 сентябрь 1940 сон.**

**ХӀадур гьабуна «ХӀакъикъат» газеталъул отделалъул нухмалъулев Пайзула ПАЙЗУЛАЕВАС. Материалазда орфографиягун пунктуация цӀунун буго газетазул архивалда батухъе.**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редакторасул бакIалда Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2310 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

**Лъайкьеялъул управлениялда**

## Предметазулал олимпиадабазде байбихьана

Гьал къояз Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялда тIобитIана цIалдохъабазул ТIолгороссиялъул олимпиада байбихьиялда хурхун рохалилаб тадбир.

Гьенир гIахьаллъана республикаялъул лъайкьеялъулгун гIелмуялъул министерствоялъул вакил Б. ДибирхIажиева, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидов, районалъул школазул мугIалимзабигун цIалдохъаби ва гьезул умумул.

Тадбир рагьана гьалбадериде саламалъулаб кIалъайгун цеве вахъарав районалъул лъайкьеялъул управлениялъул «Пагьмуял лъимал» централъул директор ГIалихIажи ХIусеновас ва къокъго бицана цIалулгун лъайкьеялъул бугеб кIваралъул ва предметалъулал олимпиадабиги цIалул цо бутIа букIиналъул хIакъалъуль.

Олимпиада улкаялъул миллионал школлъимал данде гьарулеб, гIаммаб горулъе гьел рачунеб, цIалдохъабазе жидерго пагьму-махщел бихьизабизе рес кьолеб тадбир букIиналъул, гьез цIалдохъаби дарсида щвараб лъаялда гIей гьабун чIечIого, жидерго лъаялда тIад жеги хIалтIизе, гIелмуялде тIоцересел галаби тIамизе рачунеблъи бихьизабурал кIалъаял гьаруна лъайкьеялъул районалъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Зайнаб ГIабдусаламоваль ва райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидовас.

Тадбиралъе ахир лъуна гIисинал махщелчагIазул кочIол ва кьурдул церархьиназ.

**ПатIимат МуртазагIалиева,**
лъайкьеялъул районалъул управлениялъул специалист

## Математикаялъул олимпиада



Лъайкьеялъул районалъул управлениялъ ва «Пагьмуял лъимал» централъ Къади Абакаровасул цIаралда бугеб гимназиялда районалъул школазул щуабилел классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIараб х1исабалъул олимпиадаялда жидерго логикияб пагьму, бажари-лъай бихьизабун, гIахьаллъана муниципалияб этапалда бергьенлъи щварав лъебералда кIиго цIалдохъан.

Олимпиадаялда бергьенлъи босана Агъвали гимназиялълъул цIалдохъан ПатIимат ГIабдулхIакъоваль. Гимназиялъул цIалдохъаби Халид Халидов ва Рамазан Ибрагьимов рахъана призераллъун.

Олимпиадаялъул лауреаталлъун рахъана ТIадгъакварисса ГIабдулатIип ИсмагIилов, Сасикьа Жарадат Набигулаева, ТIиндиса МухIамад МухIамадов ва Метрадаса ГIали ГIабдусаламов.



Бергьаралгун призерал мустахIикълъана дипломазегун гIарцулал сайгъатазе. Олимпиадаялъе гIарцулаб кумек-квербакъи иргадулаб нухалъги гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидовас.

Жиндирго бугеб бажари-лъай бихьизабизе рес кьей гуребги, жиндие рес щванин гIелбащадазулгун къец бан, жинда ращадал цогидал гьечIеблъи жиндаго ва гIахьаллъаразда бихьизабизеян абуна олимпиадаялда чIел босарай ПатIимат ГIабдулхIакъоваль.

-Гьеб букIанин олимпиадаялъул аслияб масъала: пагьму-гьунар бугел цIалдохъаби тIатинари,-ян абуна ТIагьир Халидовасги цIалдохъабазе олимпиадаялъулъ бергьенлъабиги гьарулаго.

**Айкат МухIамадова,**
«Пагьмуял лъимал» централъул специалист

**Спорт-Спорт-Спорт**

**Эркенаб гугари**

## КIудияб спорталде ишангун



19-21 октябралда Москва областалъул Чехов шагьаралда тIобитIана 2002-2003 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенство. Гьениб гIахьаллъарав Агъвали гимназиялъул ичIабилеб классалъул цIалдохъан МухIамад Тажудиновасе 50 кг. цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI.

Гьенибго 120 кг. цIайиялда нилъер ракьцояв СаидмухIамад Гьайирбегов мустахIикълъана лъабабилеб бакIалъе.

Баркула МухIамадида ва СаидмухIамадида бергьенлъаби. Гьарула хадурккунги чIахIиял бергьенлъаби, щулияб сахлъи, спортияб икъбал.

## Болъихьги лъикIал хIасилал ккана

21-22 октябралда Болъихь тIобитIана Юсуп ГIабдусаламовасул шапакъатазе гIоло эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул спортсменаз рихьизаруна лъикIал хIасилал.

ТIиссиса Абакар ГIабасхIажиевас 65 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI, 74 кг. цIайиялда Гьигьалъа Аслудин МухIамадов мустахIикълъана лъабабилеб бакIалъе, бищун бакIаб 125 кг. цIайиялда Гьадириса Сайпудин МухIамадовасе щвана кIиабилеб бакI.



Баркула гIолохъабазда бергьенлъаби, гьарула гьезие щулияб сахлъи, талихIгун икъбал.

**Каратэ**

## МухIамадил иргадулаб бергьенлъи



22 октябралда Саратов областалъул Энгельс шагьаралда тIобитIана Россиялъул чемпион Иван Тюхтин ракIалде щвеялъе каратэялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб рагьараб турнир.

Гьениб гIахьаллъи гьабурав Саратовалъул пачалихъияб медицинаялъул университеталъул анлъабилеб курсалъул студент КIочIалиса МухIамад Мусаевасе 75 кг. цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула МухIамадида иргадулаб бергьенлъи ва гьарула щулияб сахлъи, рохел, хадубккунги цIалулгун спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**МухIамад Къасумилав**

## Подписка-2018

Унеб буго районалъул «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе 2018-леб соналъул кIиабилеб бащалъиялъе подписка гьаби.

«ЦIумадисезул гьаракь» ккола нилъер районалъул гIумру, гьелъул киналго рахъазул лъикIлъабиги квешлъабиги бихьизабулеб матIу.

Бащдаб лъагIалие газеталъул индекс-51377.
Багьа-215 гьур.

**ГIадамасул мацIалъги хIикматаб жаваб кьола,**
**Щиб гьесул рагIийилан хал гьабичIого тоге.**

**Гьигьалъа ХIусейнияв МухIамад**